

Kisa k ap pase nan lekòl leta NYC

[اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) /

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#) /
[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /
[يہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#) / [Перевод документа на русский язык](#) /
<schools.nyc.gov/messagesforfamilies>

28 janvye 2022

Anba plan "Rete ansekirite, rete ouvri" nou an, lekòl nou yo rete ouvri epi yo pami kote ki pi ansekirite pou jèn yo pandan pandemi an, menm pandan vag Omicron an. Nou detèmine pou pran avantaj pwogrè sa a. Mizajou pou Fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou dènye règleman sante ak sekirite nou yo, ki pral antre an vigè Lendi 31 janvye.

Kontni:

- [**Mizajou sou pwotokòl sante ak sekirite pou COVID-19**](#)
 - [Tablo desizyon ou ka enprime](#)
 - [Peryòd izòlman ki pi kout pou ka COVID-19](#)
 - [Peryòd karantèn ki pi kout pou kontak avèk COVID-19](#)
 - [Kit tès adomisil pou COVID-19](#)
 - [Enstriksyon adistans pou elèv ki nan izòlman akoz COVID-19](#)
- [**Kenbe kominote nou yo an bòn sante**](#)
 - [Tcheke eta sante chak jou](#)
 - [Rapèl sou bagay pou kouvri figi](#)
 - [Vaksen Booster COVID-19](#)

Mizajou sou pwotokòl sante ak sekirite pou COVID-19

Tablo desizyon ou ka enprime

Nou rekonèt ke fanmi bezwen enfòmasyon klè pou ede yo pran desizyon. Pou jwenn yon gid vizyèl règleman nou eksplike an detay pi ba yo, ale sou <schools.nyc.gov/2021health> pou wè de tablo ki gen etap ou sipoze pran si pitit ou a santi li malad, te ankontak avèk COVID-19, oswa teste pozitif pou COVID-19:

- Tablo COVID-19 pou fanmi edikasyon pou debitán (LYFE, 3-K, Pre-K, oswa EarlyLearn)
- Tablo COVID-19 pou elèv klas Kindergarten-12yèm ane

Peryòd izòlman ki pi kout pou ka COVID-19

Dapre konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) ak Depatman Sante Eta Nouyòk (DOH), Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (DOE) rakousi peryòd izòlman an pou elèv K-12 ki gen yon rezulta tès COVID-19 ki pozitif soti nan **10 jou pou rive nan 5 jou**. Sa vle di si ptit ou a teste pozitif pou COVID-19 epi li nan klas kindergarten oswa pi wo, ptit ou a ka retounen lekòl nan Jou 6 si li pa gen sentòm oswa sentòm yo ap amelyore, epi li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman pou diminye lafyèv la. Elèv ki retounen soti nan izòlman nan Jou 6 la dwe mete yon mask ki byen chita sou figil li tankou yon KN95, KF94, oswa mete yon mask chiriji anba yon mask an twal nan Jou 6-10.

Tanpri sonje nenpòt timoun (nan nenpòt klas) ki fini peryòd izòlman yo PA oblige montre prèv rezulta tès negatif avan pou yo pèmèt yo retounen lekòl.

Peryòd karantèn ki pi kout pou kontak avèk COVID-19

CDC ak DOH te rakousi tou peryòd karantèn pou elèv ki ankontak avèk COVID-19. Elèv ki nan klas kindergarten oswa pi wo yo pral kontinye sèvi avèk kit tès adomisil yo pou yo rete lekòl apre yo fin ankontak nan lekòl la. Si ptit ou a PA vaksinen konplètman epi li te ankontak avèk COVID-19 andeyò yon anviwònman lekòl, ptit ou a dwe ale an karantèn pou omwen 5 jou; sa te 10 jou avan. Si ptit ou a vaksinen konplètman epi li te ankontak andeyò lekòl la, ptit ou a ka kontinye ale lekòl toutotan li pa gen okenn sentòm. Li obligatwa pou tout elèv mete mask pandan yo sou pwopriyete lekòl la, tout elèv ki retounen soti nan izòlman oswa karantèn nan Jou 6 la dwe mete yon mask ki byen chita sou figi li tankou yon KN95, KF94, oswa mete yon mask chiriji anba yon mask an twal nan Jou 6-10.

Timoun ki gen omwen laj 2 ane nan salklas LYFE, 3K, ak Pre-K bezwen ale an karantèn sèlman pou 5 jou si yo pa gen sentòm, si yo kapab mete yon mask ki byen chita sou figi yo pou jiska Jou 10, epi si yo teste negatif pou COVID-19 nan men yon founisè swen sante nan Jou 5 lan OSWA si yo gen de rezulta tès adomisil yo negatif nan Jou 4 ak Jou 5.

Timoun ki pokò gen laj 2 ane nan salklas LYFE dwe toujou ale an karantèn pou jiska 10 jou, men yo ka retounen lekòl nan Jou 8 si yo pa gen sentòm epi yo fè yon tès COVID-19 ki negatif nan men yon founisè swen sante nan Jou 5 oswa apre. Yo pa konsidere tès adomisil yo valab pou gwoup laj sa a sof si se yon founisè swen sante ki bay enstriksyon pou yo fè l.

Nenpòt timoun ki nan yon salklas LYFE, 3-K, oswa Pre-K ki te ankontak men ki PA fè tès pou COVID-19 ka retounen apre yo fin rete an karantèn pou 10 jou.

Pou yon elèv nenpòt laj ki pa konplètman vaksinen ki ankontak avèk COVID-19 atravè yon moun ki abite lakay li, si moun ki pozitif la ak elèv la rete nan menm kay la, elèv la dwe kontinye rete an karantèn pou omwen senk jou apre peryòd izòlman manm fanmi an fini.

Tanpri sonje: si ptit ou a fin refè apre yon ka konfime COVID-19 nan dènye 90 jou yo, li pa bezwen ale an karantèn apre li ankontak avèk Covid-19 epi li ka kontinye ale lekòl amwenske li devlope sentòm ki sanble avèk COVID.

Kit tès adomisil pou COVID-19

Timoun ki gen laj 2 ane oswa plis ki ankontak avèk COVID-19 nan lekòl la ap resevwa de tès. Tout kit tès yo vini avèk eksplikasyon ki enprime sou yo ke ou sipoze suiv lè w ap fè tès la. Ou ka gade video tou nan divès lang sou kòman pou itilize kit tès ou a nan schools.nyc.gov/HomeRapidTestKits.

Tanpri sonje: si ptit ou a fin refè apre yon ka konfime COVID-19 nan dènye 90 jou yo, li pap resevwa yon kit epi li ka kontinye ale lekòl amwenske li devlope sentòm ki sanble avèk COVID.

Enstriksyon adistans pou elèv ki nan izòlman akoz COVID-19

Nenpòt elèv ki teste pozitif pou COVID-19 epi ki nan izòlman lakay li gen dwa pou resevwa ansèyman asenkwan (anrejistre) adistans ak aksè nan lè biwo avèk yon pwofesè selon disponiblite. Lekòl ou a pral bay detay sou fason timoun ki nan sikorans sa yo ka jwenn aksè nan enstriksyon adistans ak lè biwo yo.

Kenbe kominate nou yo an bòn sante

Tcheke eta sante chak jou

Apati Lendi 31 janvye, yo pral revize fòm evalyasyon sante chak jou a pou reflete novo règleman ak opsyon sante pou moun ki fèk refè anba COVID-19. Tanpri kontinye ede ptit ou a ranpli fòm lan chak jou avan li ale lekòl.

Rapèl sou bagay pou kouvri figi

Règleman DOE sou kouvri figi a kontinye rete an vigè. Tout elèv ki gen plis pase dezan dwe mete yon bagay ki pou kouvri figi li lè l ap antre nan yon biling DOE sof si yo gen yon egzanpsyon medikal. Ou dwe mete bagay pou kouvri figi w andedan kou deyò lè w sou pwopriete DOE, kèleswa sitiaysyon w pou vaksen COVID-19.

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) rekòmande pou tout moun ta dwe konsidere mete de mask, oswa yon mask nivo pwoteksyon siperyè, tankou yon KN95 oswa KF94. Lè w mete yon mask an twal sou yon mask jetab, sa amelyore jan mask la chita sou figi w, epi sa ajoute kouch pwoteksyon anplis.

Vaksen Booster COVID-19

Elèv ki gen laj 12 ane oswa plis ki te resevwa dezyèm vaksen Pfizer-BioNTech yo sa gen omwen senk mwa kapab kounye a resevwa vaksen rapèl (booster) pou ranfòse iminite yo kont COVID-19 epi ede pwoteje kominote nou an kont virus la. Anplis, timoun ki gen laj 5 a 11 ane ki gen kèk kondisyon ki afebli iminite yo ki te resevwa premye vaksen Pfizer-BioNTech yo sa gen omwen 28 jou kounye a elijib pou yon booster. CDC ak DOH ankouraje tout Nouyòkè ki elijib pou yo pran dòz rapèl vaksen (booster) COVID-19 la, ki gratis epi ki disponib toupatou. Pou jwenn yon adrès pou pran vaksen bò lakay ou ale sou vaccinefinder.nyc.gov.

Si w gen kesyon sou booster a, pale avèk founisè swen sante w oswa rele 311.